दिन–शनिवार दिनांक–24.08.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे प्रदेश मे उद्यमी लोकनि के बढ़ावा दऽकऽ आर्थिक विकासक लक्ष्य प्राप्त करबाक रणनीति पर काज कयल जा रहल अछि। श्री कुमार पूर्णियां मे विभिन्न विकास योजनाक निरीक्षण करबाक बाद पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे राज्य सरकार समाजक प्रत्येक वर्ग के आगां बढ़ेबाक लेल प्रयासरत अछि। मुख्यमंत्री दिल्ली हाटक तर्ज पर विकसित कयल जा रहल मिथिला हाटक निरीक्षण कयलनि। ओ जीविका, मखाना आधारित उद्योग, वियाडा मे चलि रहल उद्योग, ई–शिक्षा एहेन सफल कतेको उद्योग–धंधाक जनतब लेलनि। मुख्यमंत्री काझाकोठी मे तीन बेर मुख्यमंत्री रहल भोला पासवान शास्त्रीक प्रतिमा पर पुष्पाजंलि अर्पित कयलनि। एहि क्रम मे मुख्यमंत्री नवनिर्मित आठ थाना भवनक उद्‌घाटन सेहो कयलनि।

---

जनता दल यूनाईटेड नव प्रदेश कमिटीक गठन कयलक अछि। नव कमिटी मे दस उपाध्यक्ष, उनचास महासचिव, छियालीस सचिव, नओ प्रवक्ता आ एक कोषाध्यक्ष समेत एक सय पंद्रह सदस्य के सम्मिलित कयल गेल अछि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कयलनि। पूर्व सांसद महाबली सिंह, एमएलसी संजय सिंह, पूर्व एमएलसी हारून रशीद के प्रदेश उपाध्यक्ष बनाओल गेल छनि। ललन कुमार सर्राफ नव कोषाध्यक्ष भेलाह। विदित अछि जे पछिला वर्ष मार्च मे गठित जदयूक जम्बो प्रदेश कमिटीक तुलना मे ई छोट कमिटी अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सवेरे एगारह बजे आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। कार्यक्रमक ई एक सय तेरहम् संस्करण होयत। मन की बात कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क, आकाशवाणी समाचारक वेबसाईट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर प्रसारित कयल जायत। आकाशवाणीक यू–ट्यूब चैनल, डीडी न्यूज, पीएमओ आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक चैनल सभ पर सेहो एकर सीधा प्रसारण कयल जायत। एकर तुरंत बाद ई

कार्यक्रम मैथिली भाषा मे आकाशवाणी दरभंगा सँ प्रसारित होयत। एहि प्रसारण के राति आठ बजे पुनः सुनल जा सकत।

---

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ विभिन्न स्थान पर बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ गया आ मुंगेर जिलाक किछु भाग मे मेघ गर्जन, वज्रपात आ तेज हवाक संग बरखा हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। राज्यक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम क्षेत्र मे किछु ठाम मेघगर्जनक संग ठनका खसबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि।

---

प्रदेशक नदी सभक जलस्तर मे एखनहुं वृद्धि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदी पटनाक गांधी घाट मे खतराक निशान सँ पचास सेंटीमीटर आ हाथीदह मे अंठावन सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि जखनकि, भागलपुरक कहलगाँव मे ई नदी लाल निशान सँ अट्ठासी सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। बुढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे खतराक निशान सँ एक सय आठ सेंटीमीटर जखनकि, बागमती नदीक जलस्तर मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे लाल निशान सँ एक सय दू सेंटीमीटर ऊपर प्रवाहित भऽ रहल अछि। ओतहि, कोसी नदीक जलस्तर कटिहारक कुर्सेला मे चौरासी सेंटीमीटर ऊपर रिकॉर्ड कयल गेल।

---

समस्तीपुर रेलवे स्टेशन पर आइ भारत गौरव यात्रा ट्रेन के सांसद शांभवी चौधरी हरियर झंडी देखाकऽ विदा कयलनि। ई ट्रेन श्रद्धालु लोकनि के दू धाम आ छओ ज्योर्तिलिंगक दर्शन करबैत बारह दिन मे वापस आओत।

---

दू दिवसीय अंतर्राष्ट्रीय मैथिली सम्मेलन आगामी एकतीस अगस्त आ एक सितंबर के दरभंगा मे आयोजित कयल जायत। एहि कार्यक्रम मे दू प्रमुख पत्रकार के सम्मानित कयल जाएत। कार्यक्रमक संयोजक डॉक्टर श्याम नारायण कुंवर जनौलनि जे पहिल दिनक कार्यक्रम मे कवि सम्मेलनक आयोजन होयत। जखनकि, दोसर दिनक कार्यक्रम मे मिथिलाक विकास पर चर्चा कयल जायत।

---

मधुबनी मे सदर अस्पतालक नवनिर्मित मॉडल अस्पताल मे आगि लगला सँ अफरा–तफरी मचि गेल। अस्पतालककर्मी आ अग्निशमन दस्ताक प्रयास सँ आगि मिझाओल गेल। एहि घटना मे लाखो टाका मूल्यक समानक नोकसान हेबाक अनुमान अछि। प्रथम दृष्टया ई आगि शॉट–सर्किटक कारणे लागल।

———————————————————————————————

शिवहरक राष्ट्रीय उच्च पथ संख्या एक सय चारि पर देकुली धर्मपुर लऽग ट्रक आ ऑटोक टक्कर मे ऑटो सवार आधा दर्जन लोक घायल भऽ गेलाह। घायल लोकनिक इलाज शिवहरक सदर अस्पताल मे चलि रहल छनि।

———————————————————————————————

समाप्त